







Chè Fanmi,

Rete an sekirite ak an sante pandan sezon ete sa a! Pi ba a gen kèk mwayen senp pou pwoteje sante fanmi ou lè ou nan Vil New York ak lè w ap vwayaje. Moun k ap vwayaje yo dwe pran plis prekosyon akòz gwo risk ki genyen pou yo trape kèk enfeksyon. Pa egzanp, genyen epidemi lawoujòl ki deklare nan kèk rejyon an Azi, Mwayèn Oryan, Ewòp ak Afrik epi genyen yon gwo epidemi deng ki deklare nan Karayib la, Amerik Santral ak Amerik Disid. Kontinye li pou w ka pwoteje tèt ou kont enfeksyon sa yo ak lòt enfeksyon yo:

Konsèy Sekirite pou Sezon Ete ak Moun k ap Vwayaje	
	<p>Pwoteje tèt nou kont enfeksyon tik, marengwen ak lòt tibèt bay. Ou jwenn tik yo souvan nan zòn ki gen plant ki ba oswa zòn ki bwaze Ozetazini epi yo kapab simaye maladi tankou anaplasmoz ak maladi Lyme. Marengwen yo kapab simaye maladi tankou viris Nil Oksidantal anndan Etazini epi malarya ak viris deng an deyò Etazini. Sèvi ak ensektisid ki gen DEET, pikaridin, IR3535 oswa luil ekalptis ki gen sant sitwon. Trete ekipman yo avèk pèmetrin epi mete chemiz manch long, pantalon long, soulye ki fèmèn devan ak chapo. Moun k ap vwayaje yo ta dwe itilize yon moustikè lè yo ap dòmi nan yon zòn ki gen malarya, deng oswa lòt maladi marengwen bay si pa genyen tuil nan fenèt yo.</p>
	<p>Asire ou timoun yo an sante lè yo nan dlo a. Pinga timoun yo naje ni jwe nan dlo a si yo gen dyare oswa te genyen dyare pandan de (2) semèn ki sot pase yo. Fè timoun yo sonje pou yo pa vale dlo a. Mennen timoun yo ale nan twalèt souvan.</p>
	<p>Pran prekosyon bò kote zannimo. Pa karese bèt sovaj yo ni ba yo manje. Mande pèmisyon anvan ou karese yon chen oswa yon chat.</p>
Lòt Konsèy pou Vwayaj Aletranje	
	<p>Li Pòtay Enfòmasyon Sante Rapid pou Vwayajè (Travelers' Rapid Health Information Portal) yo anvan ou vwayaje. Ale sou gten.travel/trhip/trhip pou w jwenn konsèy sante ki adapte pou moun k ap vwayaje.</p>
	<p>Al wè pwofesyonèl swen sante ou omwen kat (4) semèn anvan ou vwayaje. Mande ki medikaman oswa vaksen ou ka bezwen pran. Pa egzanp, si ou prale nan yon peyi ki gen malarya, lafyèv tifoyid oswa epatit A, pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou medikaman oswa vaksen ki pou anpeche ou malad. Asire ou menm ak pitit ou yo pran tout vaksen woutin yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vaksen pou timoun, ale nan lyen sa a bit.ly/kids-immunizations. Tibebe ki gen laj ant 6 mwa ak 11 mwa yo ta dwe resevwa yon dòz vaksen anplis ki gen lawoujòl pi bonè anvan yo vwayaje.</p>
	<p>Evite maladi dyare. Bwè dlo nan boutèy oswa bouyi dlo a pandan omwen yon minit pou dezenfekte li. Evite manje fwi oswa legim kri ki pa ka kale. Asire ou vyann nan kuit nèt epi yo sèvi li cho.</p>

Sensèman,



Celia Quinn, MD, MPH
 Manm Komisyon Adjwen
 Divizyon Kontwòl Maladi
 Haitian Creole